



Konsiy: 1) li entèdi pou gen selilè nan sal la
2) ou pa gen dwa pale nan sal la

DLO

Dlo ki te la anvan tout bagay
Dlo k ap rete lè tout bagay fini
Dlo ki batize ti moun la yo
Dlo ki pou lave kadav nou

Dlo lapli dlo larivyè
Dlo fontèn

Gout dlo nan lawouze gran maten
Wonn dlo nan lalin nouvèl
Dlo ki fè jaden nou bèl
Dlo nou bwè nou kwit manje

Dlo nan kalbas dlo nan bokit
Dlo nan danmjann
Dlo nou jete pou rele lespri nou
Dlo nan basen kote simbi rete

Dlo nan letan kote timoun benyen
Dlo nan lanmè kote pwason naje
Dlo basen dlo nan letan
Dlo nan lanmè

Tout dlo ki soti nan syèl
Tout dlo k kouri sou latè
Ban n fòs pou nou kenbe toujou
Ban n kouray pou n sa reziste

Dlo lawouze dlo nan kaskad
Dlo anba tè

Dlo ki bouyi sou dife
Men dlo ki touye dife tou
Dlo ki te la anvan tout bagay
Dlo k ap rete lè tou sa fini.

Ref. Félix Morisseau Leroy: Dyakout 2, p.64

Premye pati

A) Konpreyansyon

- 1.- Daprè otè a, Félix Morisseau Leroy, ki kote nou jwenn dlo?
- 2.- Ki divès itilite dlo genyen selon tèks la?
- 3.- Ki kote nan tèks la dlo genyen rapò avèk jès mistik?

- 4.- Eske tèks la ekri an pwoz oubyen an vè? Jistifye repons ou bay la.

- 5.- ki lòt tit ou te kapab bay tèks la?

B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon

- 1.- Ki figi estil ou jwenn nan fraz sa yo?
 - a) Mwen chita nan yon chanm klimatize epi m ap swe.
 - b) Direktè a desann anba a ak de (2) elèv.
- 2.- “Jàn deplase kabann nan kote li te ye yè a”.
Ki nati ak fonksyon mo ki souliye a.
- 3.- Fè reprezantasyon grafik fraz sa a:
“ Dlo a rete sou tab la”
- 4.- Ekri 10 mo ki nan chan leksikal Lekòl.
- 5.- Ki tip konparezon ou jwenn nan fraz sa a:
“ Antwàn rebèl menm jan ak papa li”
- 6.- Tradui fraz sa yo an fransè.
 - a) Si ou kouri w ap tonbe.
 - b) Mwen bezwen de (2) goud kounyeya.

Ch) Frè m nan ansanm avèk mwen prale New York dimanch.

Dezyèm pati

C- Pwodiksyon tèks:

(Chwazi yon (1) tèks)

- 1.- Ekri Direktè Dinepa a yon lèt motivasyon pou pòs sipèvizè kominal.
- 2.- Ou te asiste, nan Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl, deba ant Minis Edikasyon an ak Sendika Anseyan yo sou evalyasyon Nouvo Segondè a.
Fè kont-randi deba a.